

KONSEY POU FANMI

Ede pitit ou aprann li

Pwofesè pitit ou yo ap travay di pou aprann yo pou yo ka li. Gen anpil bagay ou ka fè lakay ou ki ka ede tou. Men kèk ide pou w ka kòmanse.

1 Pale ak pitit ou nan lang natif natal ou.

Timoun yo kapab aprann anpil lang an menm tan. Lè w sèvi ak lang matènèl ou, sa pa pral konfonn yo, menm si yo pale angle!

2 Pale ak pitit ou de avantaj ki genyen lè yon moun bileng:

- Yon koneksyon solid ak fanmi l epi kilti li a
- Plis opòtinite pou edikasyon, karyè, ak vwayaj
- Byenfè pou sèvo yo pou tout lavi yo

3 Pataje istwa, chante, jwèt, ak blag ki soti nan kilti ou.

Timoun renmen istwa! Pataje istwa fanmi yo ansanm ak chante, jwèt, ak blag ou konnen depi lè w te timoun.

4 Tradisyon ak resèt famiyal espesyal.

Pale de tradisyon enpòtan nan kilti ou epi chwazi kèk resèt espesyal pou prepare ansanm.

5 Pale ak pitit ou sou jounen li a.

Mande yo pou yo di ou yon bagay yo te renmen, yon bagay yo te twouve difisil, oswa yon bagay yo te aprann.

6 Ankouraje pitit ou ekri chak jou.

Mande pitit ou ede w ekri lis makèt ou oswa yon nòt bay yon fanmi. Yo ka ekri yon mesaj tèks sou telefòn ou, yon imèl sou òdinatè a, oswa yon nòt ekri alamen sou papye..

7 Koute pitit ou lè l ap li awotvwa.

Mande pitit ou pou li yon liv, nan telefòn mobil ou, oswa sou etikèt episri ou yo.

8 Si ou gen sèvis entènèt, ou kapab:

- Enskri pou gen yon kat bibliyotèk gratis pou telechaje liv
- Chèche sit entènèt edikatif, videyo ak aplikasyon

